- 11) Inggih angger sang binangus yekti kawula tur uning/ mila leres jengandika/ sabarang prayoga wening/ kacrita ing Srat Ambiya/ Pirngon lan Namrud samya Ji/ /
- 12) Mila samya ngingah nujum/ juru madhangken penggalih/ ilhaminah pangretian/ saugi ing tanah Jawi/ kocap Pra-bu Ramadhewa/ derengnya wor arsa mbalik/ /
- 13) Rekaos tangkeping pupuh/ marga nujumira sepi/ mung alam nnagri Jenggala/ wonten nujum kirang yogi/ ing sabarang bremera kondha/ mila sampun dupeh resi/ /
- 14) Srat Purwoduksina suluk/ punika mejang para resi/ kang nistha madya utama/ dene ngger saweg udani/ rukunnya Islam lelima/ sampun sok salah panampi/ /
- 15) Sembahyang winestu-estu/ amung katingala santri/ supadi sampun katilap/ manawi wonten kenduri/ sumangga mboten mung tedha<sup>1)</sup>/ kang ginusti gunging janmi/ /
- 16) Jakat perlu ubyng-ubyung/ rubungan pangan pinamrih/ pitrah sumangga pun larah/ kang kinarya sah utami/ boten liya inggih beras/ perlu-perlu mungguh kaji/ /
- 17) Mung murih dadi pangayun/pangayuning para santri/manawi nuju kondangan/ kapijia andongani/ ngudi brekatira katha/ punapa liya mrih tedhi/ /
- 18) Marang puasa mituhu/ ngasepeken denya bukti/ miwah nikelaken<sup>2)</sup> tadhah/ syadad punika neksemi/ Jeng Nabi dutaning Allah/ yen trang bab punika luwih/ /
- 19) Kasebut wong sugih kawruh/ pinunjung sasami-sami/ adoh-adoh ingateran/ punapa tan amrih tedhi/ coba dipunpunjung brangkal/ iba pisuhe dremimil/ /

1) Naskah A = B : tedha  
Naskah C : sega

2) Naskah A = B : nikel  
Naskah C : nikelaken

- 20) Mung mekaten prelunipun/ rukun kang gangsal prakawis/  
mingar-minger mbujung tedha/ jer sampun tan mawi tandhing//  
ngangkah ulun matur dora/ sumambung nabda sang peki/ //
- 21) Sumangga ndika ing wuwus/ mung ulun datan umiring/  
bab rukun Islam gangsal/ anggen andika muradi/ ngran sa-  
lat punika rahmat/ sihira kang Samak Basir //
- 22) Ginalur-galur ing tutur/ kitab Tulus miwah Sitin/ rumam-  
bata sewu kitab/ ugi taksih asing salatin/ tan lyan saking  
wicara/ kalamun mung ngudi bukti //
- 23) Kedhik temen karyanipun/ tan timbang larahing ngarsi/  
mider ing rat kahibegan/ ngelmuning jalma jalma majaji/  
kang mijil<sup>1)</sup> Jeng Murasalina/ ahmadun jam ngilu umyi<sup>2)</sup>//
- 24) Rosulu kabi bulah hu/ panutuping para nabiY Mukamadun  
Rosulluloh/ wus winenang nanggung dasih/ lumaraping  
Pirngon jenat/ klipah hu nabilul amri/ //
- 25) Sampun kedah mboten gathuk/ ki sanak kalawan mami/  
pamentogireng tekad/ sumangga andum basuki/ wusana  
sami klepaten<sup>3)</sup>/ manawi ngantya gumingsir //
- 26) Tokid pangindhaking kawruh/ kawruh kang wus den rawa-  
ti/ karawatan ing wardaya/ wardaya kang yun ngambahi/  
ngambah jaman kasampurnaan/ sampurnaning donya nga-  
kit//
- 27) Mindhu Drembabukti ngungun/ kluhuran sabda utami/ le-  
ngong-lengong tanpa ngucap/ delewer ilere mili/ neng dha-  
dha kaya ler-leran/ dangu pegatnya prihatin //

## V. Megatruh.

- 1) Tanpa pamit Drembabukti kesahipun/ keru anggana sang  
sigit/ kraos ing tindak karidhu/ kang prapta dede suwadi/  
tansah ngrencana sakronon/ //

---

1) Naskah A = B : mijil

Naskah C : miji

2) Naskah A = B : ngilung damyi

Naskah C : ngilu umyi

3) Naskah A = B : klepatan

Naskah C : klepatan

- 2) Kejeb netra rahadyan dadya menekung/ kasdu sakrul ing jro wiwit/ salat pinaretek biru/ wus jumbuh ratul ekrami/ hagsa rasta trapira don/ /
- 3) Madhep juluk kalaman Allah kang dhuwur/ ektrat akang denngabekteni/ muhung<sup>1)</sup> kang sedya purba gung<sup>f</sup> munajadira kaesthi/ muji mring marga krahayon<sup>2)</sup>/ /
- 4) Kak ingesthi ler pawona marga tulus/ wur sembah mangreh tubatil/ tegesnya tubatil laku/ kandhih sembahira genti/ nir puji dasih mring Manon/ /
- 5) Anrang dikir la ila hailulahu/ pambuka tyas sanubari/ narani rohira estu/ martobatnya ingkang tampi<sup>3)</sup>/ kidiyat terusing batos/ /
- 6) Sipat kabar jroning dikir nglinang janmun/ asmeng Hyang ngudaneni/ sarengat ing dikiripun/ mancat ngalam tarekati/ ati musarat winongwong/ /
- 7) Roh rahmani dikirira ilulahu/ katur ing martobat tampi/ wahdat sipat kamalu/ liyep sajronireng kalbin/ bebalung sirna gumantos/ /
- 8) Kejep netra ekaking dedikiripun/ bukaning ati maknaw<sup>4)</sup>/ binuka rohya kul kapyus/ martobat kadiyat tampi/ alahalah dikir manggon/ /
- 9) Sipat jamal sirna pancandriyanipun/ mula jamah karsa prapti/ makripat mbuka tyas sirru/ babukane roh rabani/ wor ing martobat kawartos/ /
- 10) Wahdadiyat dikirira yahu-yahu/ wus sempurna kehing puji/ mung dayanira kadulu/ kaliling insanu kamil/ tohjating<sup>5)</sup> rahsa wus wor/ /

---

1) Naskah A = B : muhung  
Naskah C : mulung

2) Naskah A = B : krahayon  
Naskah C : karahayon

3) Naskah A = B : martobatnya ingkang tampi  
Naskah C : martobat ingkang tampi

4) Naskah A = B : makna  
Naskah C : maknawi

5) Naskah A = B : jalinang  
Naskah C : jatining

- 11) Jalal jamal kamal kahar kawawang wus/ dening joharira jisim/ pamandenging tyas purba yun/ ngambah makripatulahi/ marem ing druya sang anom/ /
- 12) Rahmating Hyang maruta silir-silir wus/ karenan tanayeng resi/ naub soring kahyang gung/ sigeg genti kang winarni/ Drembabukti marek katong/ /
- 13) Matur teteh sarwi titi tata putus/ nggegodha tan antuk kardi/ dangu mindeng sang nateng rum/ gya arsa miyos pribadi/ angrasuk busana kaot/ /
- 14) Kampuh gadhung mlati kang pinarmas gumyur/ arsa sinjang cindhe willis/ pepaes ukel wrata sampun/ glang klana pinathik herni/ sangsangan<sup>1)</sup> sungsun sotengson/ /
- 15) Sampur sutra tinepi baludir turut/ kalpika sarakit sisih/ mahya kumala sumunu/ sengkangnya pranata brangti/ liwan jeliteng sotya byor/ /
- 16) Imba<sup>2)</sup> raras tempur panglirngnya sang rum/ lir kilat barung lan thathit/ buron swaranta ing luhur/ antaraga wimbuh asri/ sebet<sup>3)</sup> yang yang Prabu Sinom/ /
- 17) Saput gadhing sinamur woring pamulu/ lir bonekah masinangling/ jumerut ratuning ayu/ ratu-ratuning memanis/ mustika adi kayangon/ /
- 18) Wong akuning ponang konyah sari marbut/ arumira ngambar minging/ ing wiyat kang sapta sundhul/ kehing<sup>4)</sup> waranggana wingwrin/ kandhah wewanginya kasor/ /
- 19) Jahit netra kumelaping waja sampur/ lawan kenyarang pengeksi/ gumolong praba sumuluh/ ndaru wahyu-wahyu mamring/ wus nuksmeng sarira katong/ /
- 20) Kadya murca ginanceng panyat sang Prabu/ nglela naren dranireng jim/ gawe bingung gawe wuyung/ gawe pati jroning urip/ dadak tejane tumlorong/ /

1) Naskah A = B : pasangan  
 Naskah C : sangsangan  
 2) Naskah A = B : imba  
 Naskah C : imba

3) Naskah A : sebeg  
 Naskah B : sebek  
 Naskah C : sebet  
 4) Naskah A = B : kehing  
 Naskah C : kehe



- 21) Lon lumaksa Sri Nata Satindak mangu/ kadi ana kang den-  
anti/ sejatinya sing wrat wuyung/ andomblong ki Dremba-  
bukti ilere tan pedhot-pedhot/ /
- 22) Kaget eling cangkeme kalebon kuwu/ ngunandika Dremba  
bukti/ apa wong mangkono iku/ bagusa saiki tandhing/  
yen isih teguh dudu wong/ /
- 23) Ora gingsir lamun rempelune suwung/ yen mung bingung  
bae mesthi/ isih klayu mring sang Prabu/ pranyata wau nar-  
pati/ ing enu tan winiraos/ /
- 24) Wus meh prapta taksih tebih wus kadulu/ kagyat kang neng  
sor waringin/ ngudasmara sang binagus/ iki wanodya kaeksi/  
lumakseng wana kinaot<sup>1)</sup>/ /
- 25) Baya iki hapsarining swarga tumrun/ kacihna manising la-  
thi/ kongas wahyanya sumuluh/ surem HYang Pratangga-  
pati<sup>2)</sup>/ merang karoban mencorong/ /
- 26) Apa kelar kaapanggut<sup>3)</sup> lawan pandulu/ lawan dyah kang  
arsa prapti/ mangsa ing saiki lebur/ yen tan ana sihing widhi/  
paring kuwat marang ingong/ /
- 27) Nyuwun tulang pangeran pun dasih wuyang/ kagiwang sang  
mindha Ratih/ lamun pangeran tan asung/ sih marma te-  
guh ing kapti/ ngong estu tumekeng layon/ /
- 28) Nora nana liya asih<sup>4)</sup> marang makluk/ tuhu mung Allah  
pribadi/ sawiji kang murba sagung/ yang Allah kang mug-  
mugi/nembadanana sedyana ngong/ /
- 29) Aywa tekan kagimir sang lir andaru/ rumaos kawula sisip/  
wigena ratuning arum/ juwiteng sedhep mrak ati/ mangka-  
na wau sang anom/ /

1) Naskah A = B : kinaot  
Naskah C : kaot  
2) Naskah A : prategapati  
Naskah B : pratanggapati  
Naskah C : pradonggapati

3) Naskah A = B : kopanggut  
Naskah C : kapanggut  
4) Naskah A = B : isih  
Naskah C : asih

- 30) Ironing driya dentegah-teguh mentiyung<sup>5</sup>) / wernanen Sri Nara Dewi/ saya celak tindakipun/ wus prapta ngarsa sang pekik/ mijil sabdanya sang sinom/ /

## VI. Mijil

- 1) Sira sapa reraywan wanadri/ noraga nalongsor/ wuri ngendi pinangkanya raden/ ngarsa paran kasedya ing kapti/ lan sapa wewangi/ ajarwaa bagus/ /
- 2) Kaprasetya marang kasih mami/ sayogya sira nom/ jroning wana sahendranya kabeh/ yekti ingsun kang ndarbeni iki/ kang sawra wring wringin/ kang sira nggo ngaub/ /
- 3) Wit waringin kang ingsun pepetri/ supaya angrompok/ ngrompyok-ngrompyok sumrume sulure/ ndadak sira waniwani linggih/ durung kang wajib/ radyan lon umatur/ /
- 4) Nuwun kaki pun patik rinuntik/witira tan anom/ yen wreksa gung tuhunya pepetren/ tan liyan ulun minta ing<sup>1</sup>)g gusti/ dene yun udani/ asalngong ing pungkur/ 6
- 5) Panaraga atmajeng resi/ sampurna ngalam ngong/ sedya marang gunung Tursinane/ marak marang wiku Iman Suci/ subarsaning dasih/ kang deduwe wuwus/ /
- 6) Raden Suksmalelana pun abdi/ dhuh gusti sang katong/ nuwun bendu kawulanira ngger/saking dahat kumedah udani/ suwiyaning gusti/ myang sangkaning pungkur/ /
- 1) Paran ingkang kasedya ing ngarsi pun patik naronjol/ cumantake<sup>2</sup> nuwun wrin yektine/ sisip ulun wus lanteng narpati/ kinisasing pati/ tan suwaleng kalbu/ /
- 8) Narpa nabda yen sira arsa wrin/ ing negaraningong/ Sukawarastra ing ujung kene/ Dyah Supiah jejuluk sun aji/ sumedya udani/ bagus praptaningsun/ /

---

5) Naskah A = B : denteguh-teguh mentiyung  
Naskah C : teguh-teguh mentiyung

1) Naskah A : minta sing  
Naskah B = C : minta ing

2) Naskah A : camentaka  
Naskah B = C : cumantaka

- 9) Rehning sira tedhiakireng resi/tanapi trah katong/ deisih jinunjung tengran raden/ baya weruh wajibing naspati/ sun sira wartani/ rahaden umatur/ /
- 10) Gusti ulun tan saget tur uning/ wajibireng katong/ awit dereng angrenggani rajeng/ elok temen panduka sang aji/ wewaton palupi/ baya wus karasuk/ /
- 11) Asthabrata mat Tajusalatin/ punika wewaton/ asthabrata tumindak tatane/ pilih-pilih pamantoging tokid/ kang kocap kinteki/ pra jawata gung/ /
- 12) Warna-warana pengetraping<sup>1)</sup> adil/ sadaya kinaot/ prelu-prelu mung adil langgenge/ kang jinarwa ing Tajusalatin/ utameng narpati/ mrih linuri pungkur/ /
- 13) Tapa sudarsa pustaka Jawi/ saugi kawartos/ Wali Allah Kangjeng Sunnan Lepen/ paring padma marang Pajang Aji/ aparing pangarai/ ngelmuning karatun/ /
- 14) Bok manawi punika kang nami/ wajibireng katong/ namung ulun tan marsudi trange/ jer kawula tan ngesthi dadya ji/ wewiji mung abdi/ kawulestu<sup>2)</sup> narun/ /
- 15) Nurun abdi angabdi sayekti/ sumangga sang sinom/ rehning sami sesamining rajeng/ ngelmu kraton kawajiban ngeksi/ Sri Narendra Dewi/ esemnya wor wuwus/ /
- 16) Bener temen ujarira sigit/ kayata wus anon/ tepa tulat ing walgita kabeh/ kena apa ndadak laku sisip/ durung nyawab wani/ teranyakan lungguh/ /
- 17) Oyoding wit waringin sun petri/ paranta kang artosY apa ana kang tumrap benere/ kudu temen sun arsa udani/ baya tan kaesthi/ jer sira wus baut/ /
- 18) Pangrukunnya wasita palupi/ lah ugi margengong<sup>3)</sup>/ wartanana kang nyata lempenge/ tepa layang-layang apa margi/ denterang sira nglingY umatur sang bagus<sup>4)</sup>/ /

1) Naskah A = B : pangrataping  
Naskah C : pangetrape  
2) Naskah A = B : kawulestu  
Naskah C : kawula estu

3) Naskah A = B : mragengong  
Naskah C : margengong  
4) Naskah A : abagus  
Naskah B = C : bagus

- 19) Gusti paran kawula tur uning/ yen narpa tan lenyok/ wit Waringin estunya pepetren/ tepa tulat katumyeng kunteki/ wonten kang warti/ memalang tan urus/ /
- 20) Mangka ulun punika nrak sisip/ wus kepara yektoa/ kasup kukum kawulanta rajeng/ sampun pecek marang narapati/ tindak wano-wani<sup>5)</sup>/ kadunungan luput / /
- 21) Rehning ulun tan wikan sayekti/ kalangenan katong/ yen waringin punika pepetren/ tan liyan amung minta sih gusti/ sah gunging sisip/ denaksameng Prabu/ /
- 22) Angandika Sri Nerendra putri/ yen laku mangkono/ apa ana ing ngarep mingsile/ angapura wong kang nerak sisip/ ge matur sang pekik/ wor esem sumrah rum/ /
- 23) Dene lamun mekaten sang Aji/ ugi wonten wartos/ tuhu agung ganjarannya <sup>1)</sup> tembe/ rila sonya gung apura sisip/ wonten kang denirip/ kawarta Jeng Rasul/ /
- 24) Duk prang langkap ayuda lan Jenggi/ ing maka kawartos<sup>2)</sup> Sayid Ambyah pujika lan Sang Rajeng/ pan kaleres pamanira Nabi/ kajodhi sang Jenggi 6 pada tumekeng
- 25) Saking sanget nlangsa sang Jenggi/ mrih wurunging layon/ Jeng Muhamad ngaksama temahe/ tampi ulun kedah ngleluri/ trangira prayogi/ ngapura ing luput/ /
- 26) Dene kagem<sup>3)</sup> Jeng Rasul Mukminin/ mekaten kang wartos/ lah sumangga jeng panduka rajeng/ arsa mulat tabyatnya Jeng Nabi/ bara-bara gusti/ pinujuning kalbu / /
- 27) Angandika Srikandi medani/ tuhune tan goroh/ Jeng panutan geng parimirmane <sup>4)</sup>/ nanging ingsun tan bangkit nyenyami/ gusti kang sineler/ imanira maksum/ /

---

5) Naskah A = B : wanu-wani  
Naskah C : wano-wani

1) Naskah A : lanjarannya  
Naskah B = C : ganjarannya  
2) Naskah A = B : kawartos  
Naskah C : kang wartos

3) Naskah A = B : agem  
Naskah C : kagem  
4) Naskah A = B : paripirmane  
Naskah C : parimirmane

- 28) Sang ditaning Hyang badan rohani/ sru sasar yen ingong/  
pami ngemba Jeng Nabi drajate/ adat tan wuh ing pawarta  
iki/ eman sira sigit/ kadunungan busuk/ /
- 29) Raden mesem wor nabda<sup>5)</sup> mlas asih/ dhuh gusti sang si-  
nom/ tan rumaos kawula estune/ manawai ingong anggalih  
bangkit/ sewu mokal gusti/ ngandika Nateng rum/ /
- 30) Lah WUS aja akeh-akeh sira nging/ saiki karsengong/ prabo-  
tira ingsun pundhut kabeh/ dumununge sira ingsun larangi/  
mung clana kang keru/ ulungnya gya mungkur/ /

## VII. Pangkur.

- 1) Raden nabda nynjung jaja/ yen makaten karsanya sang lir  
Ratih/ perabot ulun pinundhut/ ngantya mung kantun cla-  
na/ tan suminggah ing karsa sakarsa Prabu/ mung sanget  
nuwun kawula/ yen prbot kinarseng gusti/ /
- 2) Yen dahat karanta nata/ nuwun katur ing pejah gesang  
mami/ sak jiwawud pinara<sup>1)</sup> sewu/ tilema tan supena/tanga-  
rantes yuswaning patik pinulung/ baya wus karseng wisesa/  
Sukamalelana ngemasi/ /
- 3) Pun abdi tan kasamaran/ kalipah myang nabi lawan narpati/  
winenang mara andum/ ngasta dil paramarta/ sinung murba  
wisesa sisip ing wektu/ ngasta adil peramarta/ yen wonten  
karsaing aji/ /
- 4) Kawula pinrih pralaya/ marga narpa iki kaswargan mami/  
upami pun dasih mingkuh/ prapteng antaka tama/ sewu sa-  
sar kadunungan wasing kalbu/ was maras pakaryeng ajal/  
memarah marang bilahi/ /
- 5) Sejatinireng<sup>2)</sup> pralaya/ tan trikarya sawuki tan gumingsir/  
tur tan darbe gunging makluk/iradate subhana<sup>3)</sup>/ lah su-

---

5) Naskah A = B : sabda  
Naskah C : nabda

1) Naskah A = B : pinra  
Naskah C : pinara

2) Naskah A = B : sajatinireng.  
Naskah C : sajatireng

3) Naskah A = B : iradating sublana  
Naskah C : iradate subhana

mangga kauntapa ulun Prabu/ ing gesang prapteng pralaya/  
ywa prabot kang denawisi/ /

- 6) Narpa nabda bagus sira/ medhar<sup>4)</sup> sabda kongas legaweng  
pati/ nging adoh wataranipun/baya mung lelamisan/ me-  
minteri singbaut wedharing wuwus/ pati maneh<sup>5)</sup> angr  
lakna/ mung prabot sira gandhuli / /
- 7) Lelejeme ujarira/ wong kakekat naning nora nandhani/  
kebut bojanira langkung/ nguthuh mring kamelikan/ yen  
kang kocap/ kitab madatul makamu khakul yatin ngelmu  
nira/ mangkana yen wong khak iki / /
- 8) Terang kawruhira langkah/ tan perduli jarwaning kitab pa-  
kih<sup>1)</sup> ngambah babagan tasawuf<sup>2)</sup> / mung datai winaspa-  
dan/ wusanane tuna liwat anggepipan/ yen kasliring ngrusak  
sarak/ luput-luput mbilaheni / /
- 9) Matur dyan leres panduka/ yen kasiliring panganggep nde-  
rawasi/ nging ulun prasetya estu/ tuhu tan lelamisan<sup>3)</sup> / pa-  
srah jiwa kumurep byantareng Prabu/ sumangga tumunten  
nata/ kauntabna yitma mami / /
- 10) Saiba suraking jagad/ wus kanyihnan<sup>4)</sup> wurung gusti pun  
patik/ ginalih angku-aku/ trahing andana trirta/ kang supami  
mingkuh tumekeng lampus/ satuhu nila medana/ surya can-  
dra angesemi / /
- 11) Jim setan peri prayangan/ kang dumunung kasapteng bumi  
langit/ sumuyut memirang ulun/ punika estunira/ dededha-  
rah satriya ingkang linuhung/ nrak wirang Sukawarsastra/  
para luhur tan ngideni / /

---

4) Naskah A = B : menter  
Naskah C : medhar

5) Naskah A = B : maneh  
Naskah C : mane

1) Naskah A : pekih  
Naskah B : pekik  
Naskah C : pekif  
2) Naskah A = B : kasawut  
Naskah C : tasawuf

3) Naskah A = B : lelamisan  
Naskah C : lelamisa

4) Naskah A = B : kanyinan  
Naskah C : kanyihnan

- 12) Sang Dyah nabda bener sira/ dene ingsun ing ngarsa mema-  
dani/ *marang*<sup>5)</sup> tekadira iku/ dadak amaro cipta/ apa sira  
tuhu wong lul tarekatu/ lan apa manggon sarengat/ kang  
endi pantoging pikir/ /
- 13) Yen ndulu wicaranira/ lila donya sira tan kaesthi/ muhung  
pamandenging lampus/ sauga lul hakekat/ wusanane kado-  
nyanira kaestu/ perak antenge mring sarangat/iku endi kang  
pinusthi/ /
- 14) Yen maro martelu tekad/ ngran munapek<sup>6)</sup> sira mungguhing  
kafir/ kasebut ing kitab Rasul/ anane ngelmu akal/ sayekti-  
ne kaya tekadira iku/ baya sira tan waspada/ jarwane jro  
kitab Tabsir/ /
- 15) Iki tenasubing murad/ kang kawarta sajroming kitab Sitin/  
mangkono padhanging kawruh/ den kita nak lek kitab/ nora  
mamang tumanja benering laku/ yen kadi pangidhepira/  
tuna dungkap mbilaheni/ /
- 16) Dyan matur leres panduka/ lamun sisip pun dasih kawlas  
asih/ ing sabda panduka ngayun/ paran anteping driya/  
lul hakekat punapa lul sarengatu/ dyan paran antep pamasa/  
dene mawi pilih-pilih/ /
- 17) Punapa yen wus hakekat/ estu laju sarengatira kawuri/ yen  
saking pamanggih ulun/ tan wonten keng tinilar/ yen sun ta-  
mat ing kadus ugi kasebut/ khak tanpa sarengat batal/ sarak  
tanpa khak dan dadi/ /
- 18) PParan gusti yen kapisah/ temah mangke kekalihira sisip/  
kang lempeng taksih sing kawruh/ sakawanira tunggal/  
ngelmuning Hyang sarengat myang terekatu/ hekekat miwah  
makripat/ punika kamil aplali/ /

---

5) Naskah A = B : mara  
Naskah C : marang  
6) Naskah A = B : munahpak  
Naskah C : munapek

- 19) Srat Suluk Marang Sumirang/ pan ing jero wonten ingkang winami/ waliallah<sup>1)</sup> Pangeran Panggung/ kawarta tan sarengat/ yakinira mokal tilar sarengatu/ wit dereng terang we-wikannya/ cumanthaka amastani/ /
- 20) Dene manawi bab lampuh/ sasenengan sadaya andarbeni/ kasidan ingkang linduhung/ tanapi kasayahan/ dene nata ing ngarasa wus medhar wuwus/ tumandangira hakekat/ kahanan donya kawuri/ /
- 21) Muhung Dad-ireng wisesa/ ugi leres punika tanpa lingsir/ mung sampun kewraning kalbu/ tan amung sapunika/ sipat pangran ingkang amurbeng gung makluk/ sakadarireng tumindak/ jalwa lawaja asung sih/ /
- 22) Sih marma satimbangira/ dene ulun sarenireng pamanggih/ tan pisan-pisan ing kalbu/ tilar utameng donya/ ngong leluri panutanira Jeng Rasul/ kang anggilar agami mulya/ elok rasulu nrak sisip/ /
- 23) Mesem sang Dyah winor sabda/ bener sira nanging sundurung uning/ tabyating wong kang wus mungkur/ utamani-reng donya/ muhungng jaman kaelokan<sup>2)</sup> kang winestu/ tuna temen ikut janama/ dadi kurung angemperi/
- 24) Punika Sawusnya panggya/ lawan nabi pandhita angemasi/ ugi wonten kocapipun/ manggih kasawargan endah/ dene lamun kagelih tuna pan langkung/ langkung saking tuna donya/ yen makaten denya gusti/ /
- 25) Dereng trang pangawikannya/ tuhu lamun punika was tan tani<sup>2)</sup>/ iang gesang praptaning lampus/ amung tan wiyah janma/ kang pangarti tindak tilar donya wau/ wikan yen datan katunan/ mung dasih panduka gusti/ /

---

1) Naskah A = B : waliallah  
Naskah C : auliallah

1) Naskah A = B : kaelangan  
Naskah C : kaelokan

2) Naskah A = B : tuna  
Naskah C : tuni



- 26) Datan saget tur uninga/ barang-barang karsantan Sri Bupati/  
manawai sampun kinalbu/ unjuk ngong sesenangan/ estu  
wikan witnya tan katunan wau/ tiyang ingkat tilar doya/  
memanisira dumeling/ /

### VIII. Dhandhinggula.

- 1) Sesaming tumitah pinamrih/ suka rena ing druya supadya/  
luncur sih marang dheweke/ dadya tersondha agung/ tinri-  
meng jalalu kahrin/ kasebut ing jro kitab/ trusdalil Kuranu/  
sapa wong densihi kanca/ ing satuhu<sup>3)</sup> pangerane uga asih/  
mangka tranging kawula/ /
- 2) Muhung Allah kinarepan sami/ saksi kadis mekaten jarwa-  
nya/ lamun tan liyan purwane/ wala mukta kiran hu/ tegese  
pangeran panggih<sup>4)</sup>/ sakabehing kawula/ tan ana liyan  
mung/ ingkang kinarepan Allah/ dakimuhu sipat langgeng  
maha suci/ mesem Dyah winor sabda/ /
- 3) Pinter temen wicaranya sigit/ mara bagus insung warahana/  
pratingkahira panganten/ ywa kang lagi ketemu/ ingkang  
arsa ngrabaseng resmi/ ywa tekeng kanyataan/ mungra-  
ping pangungrum/ iku kang sun arsa wikan/ radyan matur  
paran kersanta narpati/ pun patik tan yuwanjana/ /
- 4) Awit<sup>1)</sup> dereng nate palakrama/ ugi mireng nanging pakabar-  
an/ pangungrum marang panganten/ kadugi menggah ulun/  
nindakaken sabda manis/ kaya bengkayang gebrah/ bab  
dereng kinalbu/ bebayane sabda imbal/ imbal raras lan ku-  
suma mindha Ratih/ naletuh lare ngarga/ /
- 5) Prabu kenya angewani liring/ pahit kilang pembarunging  
sabda/ nora gawok wangsulane/ wong nora sedya manut/  
lah ta endi nyatane sigit/ angiramong tumitah/ lan mbeg  
darma mau/ dene tepang paja-paja/ kang ngrekasa wus nora  
bisa nglakoni/ karya rena sesama/ /
- 6) Aturira Rahaden mranani/ leres gusti kang sabda panduka/  
mila tan wonten iribe/ lan tindak among tuwuh/ namung

3) Naskah A = B : satuhu

Naskah C : satuhu

4) Naskah A = B = C: kurang satu suku kata

1) Naskah A = B : awit

Naskah C : awir

- kedah prayutneng kapti/ tan dumeu karya rena/ mring sesa-  
manipun/ lamun tilar dhawuh sarak/ nadyan angsal panga-  
lem sasami-sami/ kedah katraping sasar/ /
- 7) Ugi sami ing kadis njarwani/ pan makaten ujarireng kitab/  
wa kha kama bal ngelmune/ tegesnya lapil mau/ barang tin-  
dak sira ukumi/ kalawan ngelmuning Hyang/ mangka karsa  
Prabu/ nenuntun mring kalepatan/ dadya manjing wa kha  
kama wal setani/ ngukumi ngelmu setan6 /
  - 8) Sang Dyah mesem wor sabda sumrah mrik/ apa ingsun me-  
marah mring sasar/ kang endi sasare raden/ sun mau akon  
muruk/ pangungrume jalu mrubg estri/ mung aja kongsi  
prapta/ kanyataan lulut/ apa mung mangkono salah/ kaya  
paran mungguh kang ketemu pikir/ jarwakna sun miyarsa
  - 9) Ririh radyan turira mring aji/ sanadyan tan tumekaasmara/  
ugi us katrap kukume/ marang ing sisipipun/ awit karya  
margane eblis/ memarah kesalahan/ ing ibaratipun/ lare  
lit dolanan gaman/ kalalandhes saestu sampun kapenging/  
maring ing yayah rena/ /
  - 10) Sang lir retna angandika aris/ mula bener bagus wartanira/  
ingsun jarwanaha maneh/ saestuning pamuwus/ apa nyata  
pada tan yukti/ kasebut ngrana klurat/ paran dunungipun/  
arum nabda anoraga/ datan dora punika ingkang wawarti/  
wenang ngakua kluar //
  - 11) Lamun badhe kasasaring dhiri/ lah puhika wenang nerak  
sarak/ mung kedah enggal tobate/ marang Rabil Ngalamu/  
ewodene semanten gusti/ tan wiyah jalma wikan/ pemawas-  
nya wau/ kathah kang namung na klurat/ dereng mangsa  
lajeng dipun naklurati/ pramila denprayitua/ /
  - 12) Sri Narendra sabdanya mikatsih/ lakuning wong kang bakal  
sengsara Endi ta bagus rupane/ mungguh lir siraiku/ kongsi  
tekan madyeng wanadri/ ing laku kasalahan wani-wani lung-  
guh / sor ringin klangenana ingwang/ Rehning uput wus kena  
sakarsa mami/ lara tekeng pralaya//
  - 13) Mangka iki sira mung sun purih/ muruk traping wong  
arsa asmara/ tur tan tekan sanyatane/ apa ya isih luput/

mungguh sira nalurati<sup>1)</sup>/ dene wus nggo memalang/ sengsaraning jasmun/ yen saka pangiraningwang/ uga kaya ora kadunungan silisir/ tuladan ngarsa ana / /

- 14) Wayah buyutira Kangjeng Nabi/ nrima kabeh narendraning kapar/ Sayid Jenal Ngabidine/ pinatah karyanipun/ mung pinangka pangarsa santri/ ikut ing purwanira/ tan liyan kinalbu/ sedyangalingi slira/ lamun ora tumindak mengkonno pesthi/ sangsara temahira/ /
- 15) Liya iku kang ginawe mingsil/ luwih akeh kawarta jro layang/ uga ing kadisdhawuhe/ mokal sira durung wruh/ dene ngrasa wusing<sup>1)</sup> wawarti/ wenang tindak na klurat/ mula bagus ing sun/ mredu ing driya supaya/ wikan trapnya pangungruming yun saresmi/ jalaran saka sira/ /
- 16) Radyan mesem wor sabda respati/ tan suminggah pun dasih kinarsan/ memulang yun asmaraning/ mung ewet<sup>2)</sup> patripipun/ rehning priya marang kenya di/ wah mawi Jeng panduka/ saklangkung kawiguh/ jer estu mawi anggrayang/ sari-reng dyah awit kawula udani/ wasita jaman purwa/ /
- 17) Kacarita sang Arjuna nglungit/ duk panganten lan putri Cempala/ Wara Srikandhi sang sinom/ Radyan Janaka wau/ mawi ngasta sarira putri/ makaten jarweng sastra/ wonten malhipun/ kocap ing Srat Anglingdarma/ duk kalane penganten lawan sang Dewi/ kenya Bojanegara/ /
- 18) Parabira Dewi Renggawati/ lah punika nalika srenggara/ lawan Arjuna tan sanes/ Anglingdarma sang Prabu/ mawi kocap asta nglus weni/ saugi anggerayang<sup>3)</sup>/ mring slireng Dyah estu/ mila pun patik kawastha/ atur wikan trapnya arsa wulang resmi/ wit kedah cumantaka/ /

1) Naskah A = B = C : kurang satu suku kata

2) Naskah A = B : ewet  
Naskah C : enget

1) Naskah A = B : dene ngarsa wusing  
Naskah C : dene wusing

3) Naskah A = B : anggerayang  
Naskah C : anggerjang

- 19) Narpa kenya sabdanya mranani/ sebab iku orang dadi apa/  
jer wus mangkono benere/ patrapira pangungrum/ sira aja  
taha mring mami/ angger ywa kongsi prapta/ kanyataan  
lutut/ mesem dyan Suksmalelana/ sarwi ngangseg denira  
lenggah nyelaki/ noraga sang taruna//

## IX. Sinom

- 1) Gusti nuwun pangaksama/ dahat cumantaka mami/ mema-  
nuh angestu pada/ kedah sinarweng memanis marang sang lir  
hapsari/ Wulutama ing swarga gung/ iki kang akon sapa/  
ayuning rat dendheweki/ mung eseme memurung dasih pra-  
laya//
- 2) Baya ingsun dadi apa/ yen durung ngawula gusti/ musthika  
Sukawarastra/ barleyan kang neng ngarsengsun/ wus nora  
kekilapan/ ngejawantah narendra jim/ kongas wangi wadana  
sawang purnama//
- 3) Mulung radyan astanira/ asta ngasteng narapati/ kagyat Sri  
Narendra kenya/ sakala supe wus janji/ rehning kenya sayek-  
ti/ cinandhak priyagung bagus/ tanpa wus kuwuring tyas/  
teratabira nabyati/ sang Dyah nggendheng radyan kekah  
panyepengira//
- 4) Sarwi arum sabdanira/ paran gusti sang lir Ratih/ nora  
tulus asih tresna/ mring dasih kang kawlas asih/ baya lalu  
ngemasi/ yen durung ngawur-awur/ marang sesotyeng swar-  
ga/ kumala dewaning murti/ prak-atine agawe edan wa-  
rasan//
- 5) Rumambat astanya radyan/ angguyu madya Narpati/ ngge-  
get geget pamithingnya/ saya maras Prabu Dewi/ miwah  
raden ngekahi/ tumembel ngaras prembayun/ nyingkat Sri  
Nata kenya/ kaya paran sira iki/ gurayahan kumawani ting-  
kahira//
- 6) Mundur radyan sarwi nabda/ nuwun aksamanta gusti/ kala-  
juning tingkahira/ pun abdi awanuh wani/ supe yen mung  
upami/ wit punika kanthenipun/ srenggara mawa nguswa//

dene yen kinarya sisip/ tan lyan mung angesthi narendra  
kenya//

- 7) Ngarsa ngong wus atur wikan/ ngibaratken puniki/ lare do-  
lanan marisa<sup>1)</sup> celak-celak andrawasi/ ngandika Sri Bupati/  
aja maras sira bagus/ wit banget kaget ing tyas/ tumpang suh  
wijiling lathi/ raden nabda winor ruming pangandika//
- 8) Nuwun pangandika Nata/ punika saya prayogi/ wus kadi sa-  
nyatanira/ duk Retna Wara Srikandhi/ kala densrenggarani/  
lawan Arjuna rumuhun/ ugi mawi kacrita/ lamun kinuswa  
nginggati/ prabuning dyah ngewani liring tan nabda//
- 9) Ngangseg malih lenggahira/ Suksmalelana sang peki/ sang  
Dyah cinandhak tan taha/ angandika ngasih-asih/ dhuh ra-  
tuning memanis/ aksamanta ingkang agung/ marang kawula  
papa/ kalimput marbut sumrah mrik/ denlenggahken ing  
pangkon Dyah palorodan//
- 10) Labete wanodya kenya/ den panggah-panggah gumingsir/  
sir kasmaya tarataban/ bantering cipta gumilir/ lir sasrah  
ing nagari/ rinabaseng jaya satru/ trunaning wardayarda/  
ndadra puleting prihatin/ tinambaka ing arga gumawang  
branta//
- 11) Lengis wijiling wacana/ rahaden pan sarwi liring/ jimat  
mundrina dasinta/ pekaja ratuning manis/ ngupaya maneh  
ngendi/ mindha sang lir dewandaru/ kancana ing kaendran/  
kang kawarta pra hapsari/ pamoring rat prabasaning Dre-  
sanala//
- 12) Baya mung patut mawongan/ mring gusti kang asih mami/  
meh kawijil esemira/ Prabu kenya nambung liring/ kumla-  
ping patrem kengis/ sar ing driya kang andulu/ tan drana  
radyan nguswa/ tanggap Narpa angendhani/ ukel mawut  
karya tangkis wantya-wantya//
- 13) Temah anglelaga branta/ sesolahira prak-ati/ kusuma Suka-  
warastra/ sapa kuwawi nanggeni/ kagunturan memanis/

---

1) Naskah A = B : marisan  
Naskah C : marisa

marang sarining rum-arum/ aja pecak kawula/ langip ngakal  
tuna budi/ lamun nora gumiwang tumameng warna//

- 14) Ngalaming para Ambiya/ Jeng Nabi Dhawud ing nguni/  
kasmaran wanodya endah/ garwa Iman Kabud<sup>1)</sup> patih/  
bener aran malangi/ ngadohana tindak luput/ manawa ka-  
drawasan/ katempuh raga pribadi/ ing samana raden klimput  
tan<sup>1)</sup> wigena//
- 15) Sakala liru paningal/ kanton patamanan asri/ wus nggeng-  
nggeng pinager bata/ tirah turut bata rawi/ puspita babar  
warni/ ing madya wismanya agung/ radyan wus kekilapan/  
kahanan elok kawuri/ muhung dahat saresmi lawan naren-  
dra//
- 16) Sang Dyah ingemban lon-lonan/ pawilangnya milangoni/ gya  
binekta malbeng wisma/ njero pasareyan asri/ trus minggah  
ing jinemrik/ ririh Nata sabdanipun/ lah bagus sun wus  
prika/ pratingkahira arsa pawor sih/ sun tarima payo metua  
ing jaba//
- 17) Mesem radyan lon turira/ paran ing karsanta gusti/ geage  
miyos jerambah/ punapa ingkang ginalih/ gumujeng Nar-  
pati/ pangandikanira arum/ lah bagus ngendi ana/ lungguhan  
jroning tilamrik/ jer wus tutug pamundhut ingsun mring  
sira//
- 18) Nggeget-geget sang lir Parta/ tumembel ngarsa mranani/  
wanti sang Dyah panyiwelnya/ lan andikanira aris/ lah kaya  
paran Sigit/ wus luwih nggonira muruk/ meh prapta kanya-  
tahan/ pan aja linaju kapti/ mesem nabda rahaden Suksma-  
lelana//
- 19) Dhuh gusti sembahan<sup>2)</sup> kula/ pun abdi cuwa mekathik/  
leladi jro pasangkara/ mung tulusa tresna asih/ wus tan kar-

1) Naskah A : Iman Tabud  
Naskah B = C : Iman Kabud

1) Naskah A=B : klimput ton  
Naskah C : klimputan tan

2) Naskah A = B : nembahan  
Naskah C : sembahan

wa pangeksi/ sawiji jumerutingsun/ lebur kawor bantala/  
sebek nguswa wanti-wanti/ kongah-kongih kepranan pa-  
nguswanira//

- 20) Sang retna ngrawati tingal/ pahit kilang sabdanya<sup>3)</sup> ris/  
basakna iki andadra/ tan eling prajANJI ngarsi/ dahat sun  
wanti-wanti/ aywa tumekeng salulut<sup>1)</sup>/ lamun mangkono  
sira/ nora tulus mung sung warti/ pratingkahe pangungrum  
sedya asmara//
- 21) Sedyanira angrerusak/ rerungit ingkang piningit/ wusana  
wudhu ing wuntat/ sapa bangkit ngliironi/ dagangan lang-  
kung peni/ tumurun anyar sing prahu/ sakane nagari liyan/  
larang-larang denkulaki/ durung mangsa wani wus kaba-  
lurutan//
- 22) Sandu<sup>2)</sup> jaya kang merwasa/ leburnya dagangan mami/ lah  
aja bagus elinga/ kaya paran janji ngarsi/ sok banjur suka  
lali/ mangsa anu kudu anu/ anu temen wong asigit/ mesem  
nabda sarta tumlorong panguswa//
- 23) Gusti tan supe kawula/ wacana prajANJI ngarsi/ mung kedah  
ulun priyangga/ ngecan sungkawanta aji/ mēnggah tan  
prapteng resmi/ pun dasih<sup>3)</sup> baya saestu/ anemah nganyut  
jiwa/ wit tan kuwawa nanggeni/ beteng warna kumala kang  
lir bonekah<sup>4)</sup>//
- 24) Wusana gusti kawogan/ ngrumat jisim pekir miskin/ mesem  
nyiwel Prabu kenya/ binarung sabda mikat sih/ tanpa wus  
meminteri/ wong bagus bangkir ngudur/ pan wus tan winur-  
sita/ pamerdu naweng tilamrik/ tangkep sami baya wus pa-  
dha kerasa/ /

---

3) Naskah A = B : ilang sabdanya  
Naskah C : kilang sandanya

1) Naskah A = B : alulut  
Naskah C : salulut

2) Naskah A : sindu  
Naskah B = C : sandu

3) Naskah A = B : dasih  
Naskah C : dasi

4) Naskah A = B : boneka  
Naskah C : bonekah

- 25) Surasa jro tilam raras/ raras ingkang migenani/ ngrabaseng  
Sukawarastra/ tuhu jaya satru sekti/ panungkulnya sang  
putri/ kawratan kongas rum-arum/ rumesep ing kajiwan/  
tetulang<sup>5)</sup> lir denlolosi/ karsa nendra tan kumambang  
driyanira//

## X. Maskumambang

- 1) Kuneng ingkang lagya neng jroning jinemrik/ genti winursita/  
sampurna ngalam maharsi/ tan kilap paningalira//
- 2) Lamun ingkang atmaja kandheg neng margi/ marang panasar  
an/ ing karsa wau sang Resi ge-age nusul tenaya//
- 3) Tan kawista tindaknya sang Maha Yekti/ aminta maonah/  
sakala datan kaeksi/ marga datan winursita//
- 4) Pan wus ngambah ngalamnya pri prayangan jim/ njog Suka-  
warastra/ manggih suta lagi guling/ mesem ing tyas sang Pan-  
dhita//
- 5) Ya Allahu ingkang murba ing sakalir/ nuwun pangapura/ ing  
donya gung denya sisip/ kalimpit dening rencana//
- 6) Sapa wikan panasaran yen ngemori/ aneng kanikmatan/ jer  
ing warna tan salingsir/ sauga rahmating suksma//
- 7) Kaya iki putraningsun kaki pekik/ baya tan rumangsa/  
mungguh kasasaring margi/ ngedhaton Sukawarastra//
- 8) Aja picak<sup>1)</sup> jebeng iki isih bayi/ yen tan kekilapan/ nadyan  
kang wis kaki-kaki/ yen kurang-kurang prayitna//
- 9) Iya nora wurung tumindak bilahi/ yen katekan godha/ kang  
kaya mangkene iki/ jer mirip kang denupaya//
- 10) Apa maneh manungsa kang denulati/ liya kanikmatan/  
salire kang legi-legi/ kang nguwati kiyasira//

---

5) Naskah A = B : tetulung  
Naskah C : tetulung

1) Naskah A : pecak  
Naskah B = C : picak



- 11) Uga kena densarehaken ing ngelmi/ pangran<sup>2)</sup> sipat rahmat/  
aparing murah sakalir/ lire tinitah sinihan//
- 12) Baya arang wruh pamisahireng dhiri/ kang kalajuk tekad/  
kabeh-kabeh maha suci/ ala becik karseng sukma//
- 13) Lamun mangkono ana terang durung wrin/ tetuladan la-  
yang/ Manikmaya Pulo Jawi/ ing kadis uga kacrita//
- 14) Lairira Nur Muhammad murweng keksi/ angaku pangeran/  
temahan Allah nuruti/ panuwune Nur Muhammad//
- 15) Pinasrahan salirireng ing donya di/ rukuning surana/ lan duk  
Nabi Adam dadi/ Ijajil tansah ngrencana//
- 16) Malah-malah rinilan dening Hyang Widhi/ panggodhane Ja-  
jal/ yen mangkono paran pikir/ pangeran wus pasrah titah//
- 17) Mula luput manawa ana janmi/ bodho mring Wisesa/ dadi  
tan wruh denpasrahi/ mangka trang kang murbeng alam//
- 18) Nora pisan-pisan yen prentah bilahi/ ing dalil ajarwa/ dha-  
wuhnya kang Samak Basir/ mring gusti Jeng Mursalina//
- 19) Pan mangkono sabdaning kang maha kibir/ heh sira Muha-  
mad/ poma ngapenakna dhiri/ ngapenakna atinira//
- 20) Iku wuwuh seksi tandha wus denpasrahi/ kawula mring  
sukma/ bayinat winanti-wanita/mangkana risang Pandhita//
- 21) Nglucitanya wus dangu sarwi nyelaki/ atmaja kang nendra/  
riri pamungunya Resi/ kaget kang nuksmeng panendran/ /
- 22) Duk tuminggal awas yen sudarma prapti/ tedhak gurawalan/  
saking luhuring tilamrik/ apan<sup>1)</sup> lenggah ing jerambah//
- 23) Narpa kenya maksih eca dera guling/ pan wus tata lenggah/  
raden lan sudarma resi/ arum nabda sang Pandhita//
- 24) Dhuh ta paran kaya kulup wong asigit/ tan tuhu ing karsa/  
ngawula marang maharsi/ Iman Suci ing Tursina//

---

2) Naskah A = B : pangran  
Naskah C : pangrat

1) Naskah A = B : apan  
Naskah C : apa

- 25) Ndadak kandheg ing Sukawarastra nagri/ iku panasaran/  
dudu kamulyan sejati/ dene eling ingkang waspada<sup>2)</sup>//
- 26) Sabenere nora kurang ngong sung warti/ pangartining nalar/  
nalar kang memarah arji/ raharjaning kang wekasan//
- 27) Aja kliru panampa kulup wong sigit/ nggonira nyurasa/  
waton kang wus kanthi ngelmi/ matur dyan andan  
asmara<sup>3)</sup>//

## XI. Asmarandana

- 1) Jeng rama sudarma mami/ nuwun ulun kalepatan/ kagiwang  
warnaning sinom/ tan enget purwaduksina/ kalimput ing  
asmara/ pangraos kula ngayun/ nir kang mawa kalepatan//
- 2) Sanadyan jina mring estri/ tan wonten kang sakit manah/  
rinasa kalih-kalihe/ punapa jumurung lepat/ mangka tan  
anjejawat/ kalempeng tanduking kawruh/ paran mengghah  
sisipira//
- 3) Mesem sang sudarma angling/ lamun sira durung wikan/  
iku ing kaluputane/ mula Jeng Nabi panutan/ memacak  
boten karam/ ingkang denpepalang iku/ ing kahanan rong  
prakara//
- 4) Saru rusuh aja nganti/ kaya ta lelakonira/ lah apa kulup  
jenenge/ aninggal tata agama/ kang wus ingaran mulya/ te-  
tep tindakira rusuh/ dumunung kapir ngindanas//
- 5) Mangka sira durung mesthi/ netepi Islam ngidilah/ lah ta  
iku ngger sisipe/ radyan tumungkul tan nabda/ rumaos sa-  
sarira/ malih ngandika sang Wiku/ mula kulup<sup>1)</sup> den pra-  
yitna//

---

2) Naskah A = B = C : kelebihan satu suku kata atau satu gatra.

3) Naskah A = B : andanasmara  
Naskah C : andanaswara

1) Naskah A = B : mula kulup  
Naskah C : kulup

- 6) Maspada dhawuh ing ngarsi/ tan ana kang tanpa karya/ awit iku pangetere/ pusaka lelakon donya/ praptanira wasana/ mung bener becik binuru/ nora nana liya-liya//
- 7) Kang banget denira rungsit/ bener becik tetepira/ jer warna-warna anane/ mangka tanpa sesipatan/ marganing kekilapan/ akeh wong wus padha ngaku/ bener becik tinandukan//
- 8) Sanyatane durung pasthi/ jer pamawasing pangrasa/ mangka pangrasane dhewe/ durung mupangate<sup>2)</sup> liyan/ terange tan mukayan/ iku durung mesthi kulup/ lempeng lan ingkang sun jarwa//
- 9) Kajaba mupangat kaki<sup>1)</sup>/ ing liya-liyaning jalma/ utama maneh kaseksen/ kadis miwah dalil Kuran/ iku tan kasamaran/ ambak wus mangkono kulup/ isih kudu denprayitna//
- 10) Kasebut ing layang Surti/ uga ana kang kawarta/ nut wahyeng mangsa kalane/ dumeh bener tindakira/ yen nora manut mangsa/ ketemahan dadi luput/ iku nora kabeneran//
- 11) Wasana luput tan becik/ tinitah aneng ing donya/ denngati ati sira ngger/ sanadyan wus manut mangsa/ aja tinggal deduga/ ya uga Surti kasebut/ iku wewaton utama//
- 12) Pepusering *Serat Surti*/ Sira ngger kang waspada/ pan manjingnya jur-ajer/ bengkas nembung denwarata/ tindaking tatakrama/ yekti mustikaning laku/ kalakuan kang prayoga//
- 13) Aja mung kandheg pangreti/ katunan nora mupangat/ kaya tindakira kiye/ durung tekan kautaman/ lagya madya kapiira/ baya nistha temahipun/ elinga jebeng elinga//
- 14) Alon umatur kang siwi/ paranta ingkang bebasan/ nistha madya utamane/ kang nistha kadya punapa/ miwah madya utama/ ingkang pundi warnanipun/ mugl rama paring padma//

---

2) Naskah A = B : ngupakarti  
Naskah C : mupangate

1) Naskah A = B : kaki  
Naskah C : katri

- 15) Gumujeng nabda sang Resi/ iya kulup piyarsakna/ sagayuh-  
gayuh sun warta/ nistha myang madya utama/ ngalih-ngalih  
nggonira/ nanging yen panemu ingsun/ pinupus aneng  
kawula//
- 16) Tinitah neng donya urip/ ing purwa madya wasana/ saiki ing  
kono nggone/ kaya sira lawan ingwang/ sapisan anggone  
gesang/ aja kongsi nistha mau/ denutama luwung madya//
- 17) Mangkono panemu mami/ yen tan sumeleh sajuga/ ya ngalih  
ngalih enggone/ kono kaya lakonira/ wus rumangsa utama/  
sarta<sup>2)</sup> nikmatira langkung/ apa maneh denupaya//
- 18) Sun wruhke yen sira sisip/ ngarsa jer wus darbe karsa/ mung  
kandheg dadi lelakon/ kulup apa wus sampurna/ sampurna  
saka apa/ kagebang ana ing lurung/ dumeah lali wus narima/ /
- 19) Iku durung amepeki/ ingkang aran wicaksana/ kang merang-  
merang murade/ poma sira ngger dentampa/ surasa kang  
mangkana/ aja budi angger<sup>1)</sup> entuk/ nistha kang temahan  
papa<sup>2)</sup>// /
- 20) Ndheku radyan turira ris/ jeng rama nuwun kawula/ kadya  
paran saestune/ tinitah neng alam donya/ pundi pusaka nira/  
kawruh<sup>3)</sup> samya denruruh/ sadaya jalma neng donya/ /
- 21) Mesem sang Pandhita angling/ gung janma kang denupaya/  
mung telung prakara jebeng/ juga sugih raja brana/ loro lu-  
hur singgihnya/ tri luwih kramating ngelmu/ yen telu-telu-  
ning tunggal/ /
- 22) Liya iku wong upami/ yen salah sawiji gothang/ lagya ma-  
dya ngger jenenge/ saya yen nora kanggonan/ tetelu babar  
pisan/ wela-wela nisthanipun/ dene yen papaning jalma/ /

---

2) Naskah A : marga  
Naskah B = C : sarta

1) Naskah A = B : angger  
Naskah C : angger

2) Naskah A : apa  
Naskah B = C : papa

3) Naskah A = B : karuruh  
Naskah C : kawruh

- 23) Ingkang kasebut prayogi/ yekti mung patang prakara/ lah aja nyimpang sira ngger/ ingaran tani sajuga/ gramipangkatnya karsa/ budi sastra pangkat telu/ priyayi ganepira papat//
- 24) Mula pusakaning urip/ mung eling luhur priyangga/ tumimbangana ngelmu kabeh/ mula aja bosen sira/ waspada raseng sastra/ ala becik denkakakup/ ingkang kinarya tuladha/ /
- 25) Yen lagi katumbuk sedhih/ uga gampang tinarima/ ana ing angeling angel/ lamun ana tindak salah/ mangka senenging manah/ lah iku sun minta ampun/ rumangsa nora kuwawa//
- 26) Wela-wela Maha Suci/ kuwasa datanpa sama/ satuhu kang sipat elok/ pinuji tan kena pegat/ donya rawuh ngakerat/ gegenti Jeng Muhamadu/ panutuping pra ambya/ /
- 27) Iku<sup>1)</sup> aja dentambuhi/ ing kadis surasanira/ yekti karsa nabi kabeh/ sarta trang kang murbeng alam/ jumeneng jalal kama/ wondene saiki kulup/ ya sang Dyah Sukawarastra/ /
- 28) Aja sira siya kaki/ lawan imbal Runtik Harda/ ki Dremba wanuh kabeh/ supaya mung dadi rowang/ mung aja nganti numpang/ yitnanana siang dalu/ iku sring memurung lampah/ /
- 29) Yen wis wanuh anguwati/ lah jebeng mangsa baranga/ ing sun mung angelingake/ wewuruk duk dayanira/ lah wis kaki karia/ gya musna sang Maha Wiku/ Rahadyan kari anggana//
- 30) Pungun-pungun sang apekik/ gya minggah mring tilam raras/ ririh winungu sang Rajeng/ wus wungu narendra kenya/ tumurun lenggah tata/ ki Dremba miwah Harda wus/ lir kekanthen marek ngarsa/ /

## XII. Kinanthi

- 1) Wusnya tata lenggahipun/ radyan<sup>2)</sup> tanapi Dyah Aji/ Harda-

---

1) Naskah A = B : iku  
Naskah C : ika

2) Naskah A = B : radyan  
Naskah C : rahadyan

runtik marek ngarsa/ kalawan ki Drembabukti/ ririh sang lir  
Parta nabda/ matur ing<sup>3)</sup> Dyah amiletsih/ /

- 2) Nuwun laju sedyeng kalbu/ Prabu kenya angrilani/ namung  
Raden ingaturan/ arannya aji pameling/ pundi ingkang darbe  
karsa/ yen winateg enggal panggih/ /
- 3) Lawan gulang-gulangipun/ kekalih kinen anganthi/ Dremba-  
bukti miwah Harda/ apan wus saeka kapti/ lan Raden Suks-  
malelana/ gya budhal sawusnya pamit/ /
- 4) Prabu kenya tan winuwus/ kocap kang samya lumaris/ nju-  
jur lambunging mahendra/ sigra daya-daya prapti/ Pratapan  
Gunung Tursina/ marek Wiku Iman Suci/ /
- 5) Wus leres<sup>1)</sup> ing lampahipun/ kasulan bentering rawi/ kendel  
lenggah sang lir Parta/ lawan rowangira kalih/ Hardaruntik  
lon wacana/ ngungun-ngungun mring sang pekik/ /
- 6) Paran raden karsanipun/ kawula datan andugi/ tega tilar ka-  
wibawan/ punapa kang denulati/ lamun leres kadiparan/  
menggah tan ingkang pangarti/ /
- 7) Manawi pamanggih ulun/ anggung kang tinitah urip/ na-  
mung ingkang sarwa nyawa/ punapa wontena malih/ liya  
budi sukarena/ wela-wela tanpa tandhing/ /
- 8) Mangka andika sang Bagus/ neng Sukawarastra nagri/ wus  
tan kurang sukarena/ temah punika nindaki/ papa sengsara  
wigena/ turidanira mangyati/ /
- 9) Ugi wonten tepa ngayun/ kawarta wilapa Jawi/ kala Arjuna  
nem-neman/ tan pegat amangun teki/ lelampah nusup wa-  
narga/ guwa-guna denlebeti/ /
- 10) Pringgning ancala nurun/ ugi trus kawarteng kadis/ sarah-  
nya kitab Idayat/ kedah kinen nanting dhir/ ugi leres bab  
punika/ nanging saderenging mukti//

---

3) Naskah A = B : mring  
Naskah C : ing

1) Naskah A = B : lerep  
Naskah C : leres

- 11) Drembabukti nambung wuwus/ punika raden tan sisip/  
menggah aturipun Harda/ yen namung tepa palupi/ saestu  
wus datan kirang/ ingkang amarna teteki/ /
- 12) Sadaya titah Hyang Agung/ sampun pacak wujud jalmi/  
wonten kinandha rewanda/ peparabira Subali/ punika ama-  
ngun tapa/ angalong pangireng uwit/ /
- 13) Yen kirang ngandel/ puniku/ sareh rerenggan palupi/ kang  
bayinat wus tan kirang/ dene jalma mangun teki/ kados ta  
hardawalika/ kalamun arsa nglungsungi/ /
- 14) Kaeksi denya manekung/ katresandhan datan bukti/ wonten  
malih kapracihna/ denira amati ragi/ saugi dede manungsa/  
nggremet ingkang warni nisthip/ /
- 15) Kados ta uler duk ngenthung/ tanpa daya tan udani/ lamun  
punika mertapa/ de katingal datan bukti/ mila leres karsa  
radyan/ panduka remen teteki/ /
- 16) Ngibaratira sang bagus/ yen deksaka wus nglungsungi/ yen  
basuki sampun dadya/ kupu mawan ing wiyati/ duk wonten  
Sukawarastra/ paran denupaya malih/ /
- 17) Mahardaruntik anambung/ punika leres sang pekik/ saking  
turira ki Dremba/ pratela titis awening/ ngong wau ugi tur  
wikan/ tan sanes ki Drembabukti/ /
- 18) Saking<sup>1)</sup> kirang luwes wuwus/ dados radyan kirang wening/  
Drembabukti gumya<sup>2)</sup> latah/ winor wacana mikatsih/ raden  
wae lamun sira/ kurang luwes wedharing ngling/ /
- 19) Jer katutuh sira kaku/ tan wignya manjing jur ajer/ jaba  
dinggo slarak kandhang/ iku mesthi<sup>3)</sup> mitayani/ utawī rem-  
bug rerugan/ wus nora susah muruki/ /
- 20) Sesarengan gujengipun/ tetiga suka ing galih/ Rahaden Suks-  
malelana/ alon sabdanira manis/ sanget ting panuwun kula/  
panduka samya tur warti/ /

---

1) Naskah A = B : sareng  
Naskah C : saking  
2) Naskah A = B : gumya  
Naskah C : gumuyu

3) Naskah A = B : pesthi  
Naskah C : mesthi

- 21) Wit ginalih sasar ulun/ jalaran tilar kamuktian/ lah suwawi kapajarna/ kawontenane donya di/ kang estu binudi jalma/ tinitah waluya jati/ /
- 22) Kekalih sareng amuwus/ ing ngarsa ulun wus warti/ tan liyan jalma denupaya/ amung karenan ati/ mangka kang mawa karenan/ nggih namung tigang prakawis/ /
- 23) Juga panganira cukup/ kalih sandhang tan ngulari/ tiga ke-ringan sesama/ dene panduka sang pekik/ neng nagari Suka-warastra/ mokal kacuwun panggalih/ /
- 24) Bab keringan sinten purun/ lan elok lamun gulati/ kang bi-nukti myang busana/ kang sarwa di sarwa peni/ wus tetep lepat ing lepat/ Raden atindak puniki/ /
- 25) Ugi ngong miyarsa rumuhun/ Srat Wulangreh awawarti/ mratapa saking sungkawa/ mangka ngger tan prihatin/ nda-dak slira denpilara/ paranta ingkang pamanggih/ /
- 26) Arum radyan wamngsul wuwus/ leres andika jarwani/ mung saking pemanggih kula/ suka myang rengganing kapti/ kedah mawi kang prayitna/ turutnya kalawan ngelmi/ /
- 27) Gumuyu ki Dremba muwus/ saya sanget eram mami<sup>1)</sup>/ ka-dos nggen ulun wacana/ punapa nimpang sing ngelmi/ puna-pa mbatalken iman/ boten karam boen najis<sup>2)</sup>//
- 28) Alon ngandika sang bagus/ saugi datan salingsir/ namung ka-wula ing nagarsa/ sung brangta maring ing ngelmi/ ngudi wrin paserehing Hyang/ wusana dereng dumugi/ /
- 29) Temah arsa kandheg laku/ punapa boten ngran sisip/ jarwa-ning dalil Muhamad/ ya wa amantu bilahi/ dereng tetep ngandeling sukma/ pangeranira nimbangi/ /
- 30) Dene sang Kumaraningrum/ rajeng Sukawarastra di/ mokal yen kawula tilar/ sih tresna kula tambahi/ yen tan memalang sedyengwang/sayekti wang amawor sih / /

---

1) Naskah A = B : mami  
Naskah C : mawi

2) Naskah A = B : boten karam boten najis  
Naskah C : batal karam boten najis



- 31) Hardaruntik nambung wuwus/ saya kawula tan uning/ kang asma Allah tangala/ kadi punapa kang warni/ ngantya ngawonaken sang Dyah/ ratuning sedhep prak-ati<sup>3)</sup>/ /
- 32) Mesem radyan wor sabda rum/ Allah datan kontha warni/ tanpa arah tanpa papan/ tanpa wangenan yen tebih/ celak<sup>4)</sup> datanpa gepokan/ jumeneng lawan pribadi/ /
- 33) Hardaruntik sru gumuyu/ sarwi ngucap amangsuli/ punika nalar punapa/ ing akal datan pinanggih/ badhe ngagem waton serat/ nora nyata nora yakin/ /
- 34) Sampun sok nggalih kang dunung/ kalangkung denira sisip/ bayinat ingkang pinanggya/ karaos wonten panggalih/ mokal pangangkahing jalma/ angancas marang ing sepi/ /
- 35) Bok manawi tiyang bingung/ suwung-suwung dipunincih/ mangka raden anjarwakna/ menggah leresing panggalih/ ngesthi Hyang tan kontha warna/ kawijilna ngong sun uning/ /

### XIII. Mijil

- 1) Angandika sang tanayeng Resi/ inggih ngong wawartos/ so-rah kitab Idyat Jatine/ mila pangran datan kontha warni/ tetepira yakin/ kang waskitheng kalbu/ /
- 2) Sajatinya ingkang Maha Suci/ Dhat mutlak kawartos/ ya ing kadis Jali Abadine/ jumenenga jroning nukad<sup>1)</sup> gaib/ sumereh ing urip/ uripnya puniku//
- 3) Mila urip kalawan dhad nunggil/ witira kacrios/ pinasrahan panguwaos<sup>2)</sup> kabeh/ anguripi sahendraning jisim/ wijangira mawi/ ing duksinanipun/ /
- 4) Anggesangi ing cahya dumeling/ ing netra wahninggon/ katresandhan waspada tingale/ duk ing gesang angrasa du-

3) Naskah A = B : prak ati  
Naskah C : prakarti  
4) Naskah A = B : seka  
Naskah C : celak

1) Naskah A = B : nu'ap  
Naskah C : nukad  
2) Naskah A = B : panguwasa  
Naskah C : panguwaos

- madi/ ing grana tumitis/ tembung wignya ngambung/ /
- 5) Duk nguripi ing sukma kawarti/ ing lelidhah manggon/ ka-  
temahan wicara wahyane/ kala nepsu ingkang denuripi/ su-  
merek ing kuping/ jalaran angrungu/ /
  - 6) Sagung iku dhad ingkang ndarbeni/ pandulu pangambon/  
pamiyarsa tuwin wicara/ kocap malih nalikane urip/ angu-  
ripi budi/ sumarambah ing kalbu/ /
  - 7) Mila dadya andarbeni karsi/ dhad wau kawiyos/ mung te  
tebeng ing kitab estune/ satuhunya<sup>1)</sup> dhad datanpa kardi/  
amung njumenengi/ akadiyatipun/ /
  - 8) Wisesanya ing kita pribadi/ gesangira manggon/ tanpa pa-  
ngentrang kalawan dhade/ uripira tuhu dhade Gusti/ wonten  
nersandhani/ pangkatnya katelu/ /
  - 9) Kang rumiyin sipatnya ngaurip/ kawan abngal awor<sup>2)</sup> / pang  
ling bingung arip lawan luwe/ tinimbangan waspadeng pa-  
ngeksi/ lawan tuwun tuwin/ ponang lennya catur/ /
  - 10) Kapyia samya abngaling sukma di/ pramila kawartos/ Allah  
